Pou Piblikasyon Imedya: 11/03/2025 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

REKIPERE, REKRITE, REBATI: GOUVÈNÈ HOCHUL BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU AVNI SISTÈM KOREKSYONÈL ETA A APRÈ YO TE SISPANN TRAVAY ILEGAL LA

Anviwon 10,000 ajan sekirite DOCCS ap travay nan etablisman koreksyonèl atravè Nouyòk; deplwaman 6,000 manm adisyonèl Gad Nasyonal Nouyòk yo kontinye

Eta Nouyòk kontinye efò rekritman ak estajyè nan Akademi Ajan Prizon yo, pandan li te deja ogmante salè inisyal la epi pwopoze pou otorize aplikan yo ki soti andeyò Eta a

Gouvènè a siyen Dekrè Egzekitif ki entèdi anboche nan sèvis piblik yo moun k ap patisipe nan grèv sovaj la

Gouvènè Kathy Hochul te bay yon mizajou jodi a sou avni sistèm koreksyonèl Eta Nouyòk la aprè yo te sispann travay ilegal 22 jou a, sa ki te kreye yon chemen pou rekipere, rekrite ak rebati sistèm nan alavni. Fen grèv la aprè kat tantativ ant DOCCS ak NYSCOPBA pou rive jwenn yon akò ki te abòde seryezman enkyetid sou sekirite ak konpansasyon. Plis pase 10,000 ajan sekirite ap travay kounye a nan etablisman koreksyonèl yo nan moman sa a, reponn apèl devwa yo pou pwoteje kòlèg yo, kominote yo ak moun ki anba gad yo. Plis pase 6,000 manm Gad Nasyonal kontinye ap deplwaye pou asire pwoteksyon ak sekirite anplwaye sivil ak sekirite yo. Gouvènè a siyen yon Dekrè Egzekitif ki entèdi anboche moun k ap patisipe nan grèv sovaj la nan sèvis Eta a.

"Pi gwo priyorite mwen se sekirite ak byennèt tout Nouyòkè yo — e mwen te travay 24 sou 24 pou mete fen nan travay ilegal sa a epi retabli sekirite nan sistèm koreksyonèl nou an," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou te pran mezi san parèy pou pwoteje sekirite piblik la, e mwen rekonesan anvè Gad Nasyonal ak pèsonèl DOCCS ki te rete nan travay la, ki te ale pi lwen atant yo pou pwoteje konpatriyòt Nouyòkè yo. Jodi a, nou ka finalman di ke travay sa a sispann e pwogrese pou rann prizon nou yo pi an sekirite pou tout moun, sipòte pèsonèl koreksyonèl nou yo, epi rekrite ajan prizon yo alavni."

Lè mache ilegal la te kòmanse, Gouvènè Hochul te deplwaye resous sekirite piblik enpòtan pou asire sekirite pèsonèl sivil DOCCS yo, ajan prizon yo ki rete nan travay la,

popilasyon ki nan prizon an ak kominote ki antoure a. Gouvènè a te mobilize plis pase 6,000 manm Gad Nasyonal atravè Eta a pou asire gen ajan nan etablisman prizon yo epi otorize konpansasyon adisyonèl pou Gad Nasyonal kòm rekonesans travay esansyèl li yo.

Samdi, DOCCS ak NYSCOPBA te rive jwenn katriyèm ak dènye akò pou mete fen nan mache ilegal la. Malgre li pa atenn limit 85 pousan, Eta a rekonèt konplètman eleman akò sa a ansanm ak akò 6 mas la. Eleman akò Eta a pral respekte yo enkli:

- Pèmèt Komisè DOCCS egzèse pouvwa diskresyon li genyen deja nan kad Lwa HALT la epi kontinye sispansyon tanporè eleman pwogram Lwa HALT la pandan 90 jou apati dat MOA a.
- Redui ak travay pou elimine 24 èdtan siplemantè obligatwa.
- Kreye yon komite pou analize anplwaye ak inefikasite operasyonèl chak etablisman nan objektif pou soulaje anplwaye ki egziste deja yo.
- DOCCS p ap bay avi disiplin daprè akò negosyasyon kolektif la pou anplwaye ki te patisipe nan grèv la toutotan anplwaye a pa reprann travay avan dat limit la.
- Reyafime anilasyon memo 70/30 la.
- Retabli imedyatman asirans sante tout anplwaye ki tounen nan travay.
- Kontinye peye to 2.5 fwa lè siplemantè ki te etabli odepa atravè yon akò mityèl nan dat 20 fevriye 2025, pandan 30 jou apati dat MOA a.
- Pèmèt anplwaye yo achte asirans sante ki kouvri tout pati Eta a ak pati anplwaye yo jiska premye jou AWOL/asirans sante yo sispann.
- Kreye yon komite ki gen ladan reprezantan NYSCOPBA ak DOCCS ak lòt pati pou prezante rekòmandasyon bay Lejislati Eta Nouyòk konsènan chanjman nan Lwa HALT la.

Y ap revoke tout anplwaye ki pa t vin travay yè, epi y ap voye anviwon 2000 avi revokasyon. Gouvènè Hochul te siyen tou yon Dekrè Egzekitif ki etabli yon politik ki entèdi anboche moun k ap patisipe nan grèv sovaj la nan sèvis Eta a epi ki rekòmande yo retire yo nan Rejis Santral Polis ak Ajan Lapè pou yon rezon valab, ki ta anpeche yo anboche yo kòm yon Polisye oswa Ajan Lapè nan jiridiksyon eta ak lokal yo.

Atansyon an vire kounye a sou lavni pou sipòte anplwaye nan etablisman koreksyonèl ak rekrite ajan prizon alavni yo. Nouyòk kontinye entansifye efò pou ogmante rekritman ak anboche nouvo ajan prizon. Sa gen ladan:

- Sipòte estajyè ajan prizon yo nan Akademi Ajan Prizon Nouyòk
- Entwodwi langaj Atik 7 nan Bidjè Egzekitif ane sa a pou amande lwa ajan piblik yo, an relasyon ak egzijans rezidans pou sèten pòs kòm yon ofisye koreksyon, ki pèmèt rekritman nan lòt eta ki t ap ogmante kantite potansyèl aplikan yo.
- DOCCS te fè yon kontra ak OGS Media Services sou yon kanpay rekritman medya sosyal sou gwo anplè ki gen ladann yon apwòch milti-kanal ki gen ladan rezo sosyal, dijital miltikiltirèl, difizyon odyo, videyo ak anons estatik pou pi byen familyarize piblik la sou misyon DOCCS.

Kanpay la te lanse an fevriye 2025 pou sible kanpis kolèj kominotè nò Eta Nouyòk ak baz militè yo.

- Inite Rekritman Eta DOCCS ap dirije Sant Rekritman nan divès kote epi kounye a ap opere Sant Rekritman nan sant komèsyal Destiny USA (Syracuse) ak sant komèsyal Champlain Center (Plattsburgh).
- DOCCS te lanse yon inisyativ plasman avanse pou atire aplikan ki gen eksperyans kòm ajan prizon nan ran ajan prizon nou yo ak yon pousantaj salè ki koresponn ak eksperyans yo.
- An fevriye 2025, Inite Rekritman DOCCS te patisipe ansanm nan yon total de 157 fwa travay ak tab enfòmasyon atravè kolèj, lekòl segondè ak evènman kominotè.
- An jiyè 2024, Depatman an te lanse "CNY200", yon mezi rejyonal rekritman ki ankouraje pou plase dirèkteman Ajan Prizon yo rekrite yo nan pòs vid yo - yon pwogram ki te elaji nan uit konte.
- Ekip rekritman DOCCS la te lanse yon nouvo inisyativ pou ogmante aplikasyon DOCCS nan pwogram NYS HELPs, nan kolekte CV elektwonik nan evènman pwofesyonèl ak kominotè yo epi nan distribye yo nan etablisman ki nan rejyon yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU